their native language is a very difficult and responsible task. The love of the subject at this age is very closely related to the psychological comfort, joy, need and willingness to communicate that the teacher creates in the lesson.

The successful beginning of teaching a foreign language contributes to the creation of a high motivation for learning foreign languages. The success of teaching and the attitude of students towards the subject largely depends on how interesting and emotionally the teacher conducts lessons. Of course, in the process of teaching foreign languages to pupils of primary school age, play is of great importance. The more appropriate the teacher uses the gaming techniques, the clarity, the more firmly the material is assimilated.

Thus, the success of practical implementation of innovative teaching strategies in primary school depends more on the level of readiness of the foreign language teacher for the new conditions of the socio-cultural environment formed in the school and on the ability to teach the language functionally, with an orientation toward intercultural communication.

**References**

1. Akhmedova L.T., Lagai E.A. Modern technologies of teaching Russian language and literature. Textbook for high schools. - Tashkent: Science and technology, 2016. - P. 296.
2. Jalolov J.J., Makhkamova G.T., Ashurov Sh.S. English language teaching methodology. – T.: Science and technology, 2015.
3. Azizkhodzhaeva N.N. Innovative technologies and pedagogical skills. - Tashkent:Oqituvchi, 2010. - P. 178.
4. Higgins J. Can Computers Teach? // CALICO Journal.- 1983.- V. 7. №2. (115).
5. Tojiev M., Ziemuhammadov B. The use of pedagogical technology in the educational process and its role in shaping the qualities of a harmoniously developed generation. - Tashkent: «Mumtoz soz», 2010. - P.48.

**REZYUME.** Chet tilini o'rgatishning muvaffaqiyatli boshlanishi chet tillarini o'rganish uchun yuqori motivatsiyani yaratishga yordam beradi. O'qitishning muvaffaqiyati va talabalarning fanga bo'lgan munosabati ko'p jihatdan o'qituvchining darslarni qanchalik qiziqarli va hissiyotli o'tkazishiga bog'liq. Albatta, boshlang'ich maktab yoshidagi o'quvchilarga chet tillarini o'rgatish jarayonida o'yin katta ahamiyatga ega. O'qituvchi o'yin usullaridan qanchalik to'g'ri foydalansa, ravshanlik, materialni qanchalik mustahkam o'zlashtiradi.

**РЕЗЮМЕ.** Успешное начало обучения иностранному языку способствует созданию высокой мотивации к изучению иностранных языков. Успех преподавания и отношение учащихся к предмету во многом зависит от того, насколько интересно и эмоционально учитель проводит уроки. Безусловно, в процессе обучения иностранным языкам учащихся младшего школьного возраста большое значение имеет игра.

**SUMMARY.** The successful beginning of teaching a foreign language contributes to the creation of a high motivation for learning foreign languages. The success of teaching and the attitude of students towards the subject largely depends on how interesting and emotionally the teacher conducts lessons. Surely , in the process of teaching foreign languages to pupils of primary school age, play is of great importance.

## PROFESSOR ÓSERBAY ÁLEWOVTÍŃ MIYNETLERINDE TÁLIM-TÁRBIYA MÁSELELERI

**B.M.Kosbergenov** – *assistent oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** xalq pedagogikasi, ta’lim-tarbiya, dastur, pitekantrop, sinantrop, neandertal, etnografiya.
**Ключевые слова:** фольклорная педагогика, образовательное воспитание, обычаи, питекантроп, синантроп, неандертал, этнография.
**Key words:** folk pedagogy, educational training, customs, pithecantrope, synanthropus, homosapien, thnograpy.

Hár bir xalıq jámiyetlik turmısı menen baylanısqan, erte zamanlardan berli túrli usıllar menen qáliplesip, rawajlanıp kelgen quramalı tariyxıy-ruwxıy dúnyasına iye. Áwladlar ózinen burıngı áwladlardıń urpaǵı, olar dóretken úrp-ádet, dástúrlerdiń dawamshısı bolǵanlıqtan, turmıs tirishiligin jaqsılaw ushın túrli jollar, múmkinshilikler izleydi, nátiyjede ózleri ómir súrip atırǵan zamanınıń jetilisip, kórkeyiwine, rawajlanıwına úleslerin qosadı. Bulardı háreketke keltiriwshi kúsh-xalıqtıń óz jaslarına qáliplestirgen bilim, tájiriybeleri, tárbiyalıq isleri esaplanadı [2:7].

«XXI ásirdiń belgili alımı» (London, 2001) Qaraqalpaqstan Respublikasına xızmet kórsetken ilim ǵayratkeri, pedagogika ilimleriniń doktorı, professor Ó.Álewov óziniń ilim-izertlew jumıslarında jaslar tárbiyasında xalıq pedagogikasınıń milliy tárbiyanıń áhmiyeti úlken ekenligine ayrıqsha itibar menen qaradı. Xalıqtıń urp-ádet, dástúrleri hám xalıq dóretpeleri xalıqtıń awız-eki pedagogikası bolǵanlıǵın eskertip, dúnya alımları arasında birinshilerden bolıp, óz izertlewlerinde tárbiyanıń pitekantroplıq, sinantroplıq hám neandertallıq dáwirlerden yaǵnıy áyyemgi qáwimlik turmıstan baslap evolyuciyalıq qáliplesiwin ilimiy tárepten ashıp berdi. Onıń pikirinshe xalıqtıń qáliplesiwi hám xalıq pedagogikası óz-ara bekkem baylanıslılıqta jetilisken [1:57].

Professor Ó.Álewov óz izertlewlerinde adamzat jámiyetiniń qáliplesiwi hám rawajlanıwında tálim-tárbiyanı tiykarǵı másele sıpatında qarap, buǵan joqarı baha berdi. Onıń pikirinshe: «adamlardı áyyemgi jabayıshılıq turmıstan, haywan táhilette ómir keshiriwden alıp shıqqan hám házirgi rawajlanǵan insanlıq jámiyettiń bálent dárejesine jetisiwine eristirgen, olardıń aqıl, bilim iyelewine, adamgershilik penen sanalı is tutıwına ózek bolıp kelgen qubılıs – bul tálim-tárbiya.

Tálim-tárbiya adamzat ortalıǵın insanlardıń jámiyeti etip saqlap kelgen hám házirde uslap turǵan eń ullı qúdiret» - dep jazǵan edi [2:5]. Ol adamzat turmısınıń rawajlanıw nızamlıqların durıs túsiniw ushın aldı menen onıń basınan keshirgen jámiyetlik turmısına, tálim-tárbiyasına baylanıslı dereklerdi puxta úyreniwimiz kerekligin-atap ótedi. Sebebi, ótken dáwirdegi tálim-tárbiya tariyxın jaqsı bilip, durıs túsinsek hám tereń úyrensek usı tiykarda keleshektegi tárbiya mazmunında aldın ala baǵdarlap otırıwǵa sonsha uqıplı bolamız. Haqıyqatında da adamzat jámiyetiniń rawajlanıwında, búgingi dúnyalıq globallasıw processinde milliyligimizdi saqlaǵan halda, óz eline sadıq xızmet qılatuǵın jaslardı jetilistiriwde tálim-tárbiyanıń roli oǵada úlken. Usılardı inabatqa alǵan alım óz miynetlerinde xalıq pedagogikasına itibarlı qarawdı aytqan edi.

Alımnıń pikirinshe: «Xalıq pedagogikası, dástúriy pedagogikalıq mádeniyat keń mazmundaǵı tárbiya sistemasın usınadı. Bundaǵı insandı qáliplestiriwshi tárbiyalıq faktorlar, tárbiyalıq usıl hám qurallar, tárbiya túrleri ayrıqsha mol hám túr-túrlilikke iye. Xalıq pedagogikası insandı xalıq perzenti etip tárbiyalawdı maqset etedi. Jaslardı xalıq pedagogikası dástúrlerin qabıl ettirip qáliplestiriw olarda óz elin, xalqın, ózin-ózi ańlawın nátiyjeli ámelge asıradı, óziniń milliy ayırmashılıǵın túsinip er jetiwine eristiredi. Xalıq pedagogikasında tárbiya processi xalıq turmısınıń ayrılmaytuǵın bir bólimi esaplanıp, bunda xalıqtıń massalıq túrde ózleriniń tikkeley tárbiya isine aralasıwı iske túsip, balalardıń ózleriniń pedagogikalıq processke qatnasıwı da ámelge asırıladı» [3:102].

Alımnıń kózqarasınsha: «Etnopedagogika (xalıq pedagogikası) ilim sıpatında málim bir millet, xalıq yaki etnikalıq toparǵa tán tiplesken tálim-tárbiyalıq ayırmashılıqlar mazmunın úyrenip, izertlew barısında xalıqtıń bala tárbiyasındaǵı úrp-ádetlerine, jámiyetlik turmısına, dástúrlerine, diniy túsinikleri menen dúnyaǵa kóz qarasına, materiallıq hám ruwxıy mádeniyatına, til ayırmashılıǵı menen geografiyalıq jaylasıw jáne tirishilik etiw ózgesheligine tiykarlanadı, folklorlıq, etnogafiyalıq baǵdardaǵı tárbiyalıq tájiriybeleri arqalı málim bir xalıqtıń basqa

xalıqlardan ózgeshelenip turıwın kórsetiwshi belgilerdiń toplanǵan túri esaplanıp, xalıqtıń milliy úrp-ádetlerin saqlaǵan halda, tariyxıy jáne mádeniy rawajlanıw dárejesiniń tiykarǵı belgilerin ózinde jámlep dawam etip otıradı» [5:9].

Prof. Ó.Álewovtıń tastıyqlawınsha: qaraqalpaq xalqınıń hár bir qaharmanlıq dástanı («Alpamıs», «Qırq qız», «Shár-yar», «Qoblan», «Er Ziywar» h.t.b.) batırdıń tuwılıwınan baslap maqset-muradına jetkenge shekemgi xalıq pedagogikasındaǵı jeke adamdı qáliplestirip shıǵarıwdıń ózine tán tárbiyalıq tájiriybesi esaplanadı. Dástanlarda bir-birine uqsamaǵan insannıń qáliplesiwiniń túrli pedagogikalıq faktorları iske salınıp, xalıqtıń árman etken ideal adamın jetilistiriw jolı, usılları bayanlanıladı. Bul tárepten qaraǵanda qaraqalpaq xalqınıń hár bir dástanı batırdı tárbiyalaw boyınsha óz órnegine iye xalıqtıń tájiriybe júrgiziw usılları hám onıń nátiyjeleri esaplanadı [4:46].

Ásirese, jırawlar xalqımızdıń usı qaharmanlıq dástanları menen terme-tolǵawları arqalı xalıqtıń ótken baxıtlı turmısın hám kórgen qıyınshılıqlı jaǵdayları menen ókinishlerin qobızǵa salıp jırlap, insan yadına túsirip turǵanda, adam sezimge berilmey, kewli bosaspay tura almaydı. Xalqınıń basınan keshirgen jaqsı-jaman kúnleri yadına túsip, qıyalında sol waqıyalarǵa aralasıp ketedi, jedellenip, qızıw háreketlerge beriledi. Xalıq pedagogikasındaǵı usı ruwx adamlardıń qanına sińip, kewlinde sezim bolıp uyalap, óz xalqın súyiwdi, eliniń patriotı bolıwshılıqtı qáliplestiredi - dep jazǵan edi professor Ó. Álewov [1:58]. Alım qaraqalpaq shayır-jırawlarınıń pedagogikalıq oy-pikirlerin tereń talqılap, ásirese XVI-XVIII ásirdegi jasap ótken Dospambet, Jiyen jıraw dóretpeleriniń jaslar tárbiyasındaǵı áhmiyetine itibar qarattı.

«Jaslardı haqıyqıy adam etip jetilistiriw ushın doslıqqa, awqamlasqan xalıq penen birge bolıwǵa, miynet etip hadal dúnya tabıwǵa, bekkem erkke, ózin qıyınshılıqtan alıp shıǵa alatuǵın tózimlilikke, mártlikke, úyretiw lazımlılıǵın, ásirese eldi dushpannan qorǵawǵa, batır, sózge sheshen bolıwǵa tárbiyalawdı usınıs etti. Jaslardıń unamlı páziyletlerdi iyelep shıǵıwında kórkem sóz jáne saz-sáwbet óneriniń tásiri kúshli ekenligin, bulardıń barlıǵı óz-ara baylanıslılıqta qáliplestiriliwi tiyisliligin, sonda jaslar unamlı, eli-xalqı ushın xızmet etetuǵın azamat bolıp jetilisetuǵının»-atap ótedi [2:282].

Alımnıń pikirinshe úrp-ádet hám dástúrlerde, ásirese, folklorda xalıqtıń jámiyetlik turmısı ushın úlken áhmiyetke iye bolǵan matematikalıq, astronomiyalıq, botanikalıq, filosofiyalıq, etikalıq, estetikalıq, psixo-pedagogikalıq h.t.b. ilimler tarawına tiyisli bilimler jıynaǵı jámlengen. Xalıqtıń kóp ásirlik intellektual tájriybeleri tiykarında qáliplesken bul bilimler jaslarǵa tálim-tárbiya beriw maqsetinde bir pikirge kelgen juwmaqlar, dáliyllengen túsinikler sıpatında wásiyat qılınǵan.

Xalıq tábiyattı, jámiyetlik turmıstı janlı baqlawları barısında úyrengenligi sebepli olar jaratqan materiallıq hám ruwxıy miyraslar ásirler dawamında adamlardıń aqıl-oylawshılıǵın azıqlandırıp keldi. Sebebi insanlar tábiyatqa baqlaw júrgiziw arqalı zat hám qubılıslardaǵı kóz aldında bolıp atırǵan processti tikkeley qabıl etiwi aqıbetinde qálesin-qálemesin belgili dárejede dúnyanı biliwge erisip otıradı. Usılay eken xalıqtıń úrp-ádet, dástúrleri, awız-eki ádebiyatı házirgi dáwirdegi aqıl hám ilimiy oylawshılıqtıń quram bólegi, qáliplesiw deregi sıpatında úyreniliwi lazım. Nege degende,jaslardıń aqılı jetilisip barıw adamzattıń burıńǵı iyelegen túsinik, bilim-tájiriybeleri negizinde ámelge asıp otıradı. Shınında da, folklor xalıqtıń aqılıy túsiniklerin, ádep-ikramlılıq hám estetikalıq talapların ásirler dawamında qanaatlandırıp keldi, insanlardıń milliy sezimin, adamgershilik qádirdi biliwin qáliplestiredi.

Alımnıń atap ótiwinshe «Xalıq pedagogikası tábiyǵıy túrde xalıq turmısınıń ózi. Bunda mekteptegi sıyaqlı tárbiyanıń turmıs penen baylanısı haqqında mashqala júzege kelmeydi. Tárbiya barısı xalıq turmısınıń ajıralmaytuǵın bir bólegi esaplanıp, buǵan qatnas-ǵalaba túrde xalıqtıń bul iske aralasıwı bolıp tabıladı» [5:12].

Xalıq pedagogikasında jeke adamǵa qatnastıń hár túrliligi barısında, adamlardıń jeke ózgesheligi menen jas ayırmashılıǵına, minez-qulqı menen sol adamlardıń ózine tánligine, awıl-eline, olar jiyi qollanǵan tárbiyalıq dástúrlerdi názerde tutıp, turaqlasqan minezleme, laqap beriw orın alǵan. Mısalı; hár bir xojalıqtı iyelegen kásibine qaray «usta», «temirshi», «diyxan» yamasa «etikshi» dep atasa, bazıda awıldı tolıǵı menen usı atamalarda ataydı. Al keyingi waqıtlarda taza kásiplerdiń kirip keliwi menen, kásipke baylanıslı atamalar da ushırasadı. Sonday-aq, qaraqalpaq xalqınıń uruwlarınıń ózleri jasaǵan geografiyalıq ornı, tábiyatı menen bóleklenip turatuǵın ayırmashılıqlar orın alatuǵınlıǵında bayqaymız. Demek, xalıq pedagogikasında jaslardıń minez-qulqın qáliplestiriwde shańaraq, awıl, uruw tirishiligi menen baylanıslı júzege keliwi múmkin bolǵan ádetler de ushırasıp turadı.

Ilimiy miynetlerinde xalıq pedagogikasınıń házirgi kúngi áhmiyetine dıqqatlı qaraǵan professor Ó.Álewovtıń pikirinshe: «Xalıqtıń tárbiya beriw tájiriybeleri áwladlardıń hár tárepleme mámilesin óz ishine jámlegen. Xalıq pedagogikasında balalardıń ózleriniń pedagogikalıq processke erteden aralasıwı ayrıqsha názerde tutılǵan. Úlkenlerdiń kishkene áwladqa qatnası minnet, wazıypa sıpatında orınlanbay, al olarǵa bular bir tárepten kútá jaǵımlı hám olardıń tábiyatına tán insan instinktinde bar qásiyet esaplanadı. Shańaraqtaǵı bes jasar bala ózinen kishkene úkesine qáwenderlik etip, úkesiniń tárbiyalanıw processine qatnasadı. Usı arqalı bala ózin-ózi tárbiyalawǵa baǵdar aladı. Úkesine úyretiwi arqalı ózi de bilgenlerin bekkemleydi, onı tártipke shaqırıp, násiyat beriw barısında ózide tártipti túsinip, jetilisip otıradı. Usılayınsha óz-ara tárbiyalıq tásir kórsetiw payda boladı.

Xalıq pedagogikası arqalı balaǵa shańaraqta ǵana berietuǵın usı táqilettegi ayrım tárbiya túrlerin mektepte qáliplestiriw ilajı joq. Nege degende, shańaraqta xalıq pedagogikası dástúrleri oǵada jaqsı saqlanǵan» [6:114]. Demek, shańaraq tárbiyasındaǵı tuwısqanlar ortasındaǵı adamgershilik, miyrim-shápáátti kórmey, óz-ara izzet-húrmetti sezinbey, jaslardı joqarı adamgershilikke tárbiyalaw qıyın.

Poofessor Ó.Álewovtıń xalıq pedagogikası haqqındaǵı oy pikirleri búgingi kúni ǵárezsiz elimiz jasların bárkamal áwlad sıpatında qáliplestirip tárbiyalaw barısında da úlken áhmiyetke iye.

## Ádebiyatlar

1. Пахраддинов Ә. Проф.Ө.Әлеўовтың илимий-педагогикалық көзқараслары. // Илимий педагогикалық ойлар ҳаққында очерк. –Нөкис: «Қарақалпақстан» 2015, 57,58-б.

2. Әлеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. –Нөкис: «Билим» 1993, 5, 282-б.

3. Утебаев Т.Т. Қорақолпоғистонда XX аср иккинчи ярми-XXIаср бошида таълим-тарбиябий фикрларнинг ривожланиши. Монография. –Нукус: «Билим» 2015, 102-б.

4. Әлеўов Ө. Этнопедагогика ҳәм оның өзине тән өзгешеликлери. //Қарақалпақ халқының этнопедагогикасы. –Н.: «Билим» 1995.

5. Әлеўов Ө.Саламат бала тәрбиясының дереги халықлық тәлим -тәрбияда. –Н.: //«Әмиўдәрья», 2014.

6. Волков Г.Н. Этнопедагогика чувашского народа. –Чебоксары: 1958. –С.114.

**REZYUME.** Professor U.Aleuovning ilmiy maqolalarida xalq og‘zaki ijodi pedagogikasi, urf-odatlari, xalq og’zaki ijodining yoshlar tarbiyasidagi o’rni haqida so’z boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В научных статьях профессора У.Алеуова говорится о педагогике фольклора, традициях, роли народного фольклора в воспитании молодежи.

**SUMMARY.** Professor U.Aleuov's scientific articles talk about the pedagogy of folklore, traditions, the role of folk folklore in youth education.